ХАЛЫҚ ДЕПУТАТЛАРЫ ШОМАНАЙ РАЙОНЫ КЕҢЕСИ

Ш Е Ш И М И

2018-жыл 27-декабрь 38/144-сан

2018-жылда Шоманай районының социал-экономикалық раўажландырыўдың жуўмақлары ҳәм 2019-жылға жергиликлили бюджеттиң болжаў параметрлери ҳаққында

Районлық Қаржы бөлими тәрепинен усынылған ҳәм районлық Кенестиң «Экономикалық реформа, бюджет, банк ҳәм финанс мәселелери» бойынша комиссиясы тәрепинен мақулланған, додалаў барысында депутатлар тәрепинен билдирген усынысларды есапқа алған рәўиште толықтырып ислеп шығылған 2018-жылғы Шоманай районын социал-экономикалық жақтан раўажландырыўдың жуўмақларын ҳәм районлық жергиликлили бюджетиниң болжаў параметрлерин қарап шығып, «Жергиликлили мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасы Нызамының 21 статьясына муўапық Халық депутатлары Шоманай районлық Кенеси

Ш Е Ш И М Е Т Е Д И:

1. 2018-жылда Шоманай районының социал-экономикалық раўажландырыўдың жуўмақлары ҳәм 2019 жылға жергиликли бюджеттиң болжаў параметрлери ҳаққында районлық қаржы болими баслығы А.Султановтың баянаты мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

2. 2019-жыл Шоманай районының жергиликли бюджетиниң дәраматлар бөлеги ҳәм қәрежетлер бөлеги биринши ҳәм екинши қосымшаға муўапық белгиленсин.

3. Халық депутатлары районлық Кенестиң Экономикалық реформа, бюджет, банк ҳәм финанс мәселелери бойынша турақлы комиссиясы (А.Қошжанов) ҳәмде район ҳәкиминиң экономика ҳәм исбилерменлик мәселелери бойынша биринши орынбасары (К.Ходжаметов)на:

- 2019-жыл ушын дараматларды кобейтиў ҳәмде субвенцияны кемейттириў, хызмет көрсетиў тараўы ҳәм исбилерменликти раўажландырыў бойынша арнаўлы бағдарлама ислеп шығыў тапсырылсын.

4. Мәмлекетлик салық инспекциясы, қаржы бөлими, аўыл ҳәм мәкан пуқаралары жыйынлары, аўыл хожалығы, санаат, қурылыс, киши бизнес ҳәм жеке исбилерменлик, кәрханалар ҳәм пуқаралардан түсетуғын салық төлемлериниң бюджетке толық ҳәм өз ўақтында келип түсиўин, сондай-ақ жергиликлили бюджеттиң қаржы жумсаў бөлегиниң орынланыўын тәмийинлесин.

5. Усы шешимниң орынлаўын қадағалап барыў районлық Кеңестиң экономикалық реформа, бюджет, банк ҳәм финанс мәселелери бойынша турақлы комиссиясына жүкленсин.

6. Усы шешим қабыл қылынған күннен күшке киреди.

Халық депутатлары Шоманай
Районлық Кеңеси баслығы Б.Янгибаев

Халық депутатлары Шоманай районлық
Кеңесиниң 2018 жыл ___-декабрь күнги
_____-санлы шешимине 1-қосымша

Шоманай районының 2019-жылға ажыратылған жергиликлили бюджеттиң дәраматлар болеги 63 миллиард 721 миллион 404 мың сўм муғдарында белгиленсин.

Соның ишинде

1.	Юридик шахслардан алынатуғын пайда салығы	336 000	мың сўм
2.	Бирден-бир салық төлеўинен мәмлекет бюджетине ажратпалар, соннан киши кәрхана ҳәм микрофирмалар бойынша	479 000	мың сўм
3.	Физикалық шахслардан алынатуғын дәрамат салығы	10 935 095	мың сўм
4.	Исбилерменлик пенен шуғылланыўшы юридикалық ҳәм физикалық шахслардан алынатуғын бирден-бир белгиленген дарамат салығы	279 000	мың сўм
5.	Қосымша қун салығы	1 334 000	мың сўм
6.	Юридикалық шахслардың мал-мүлкине салынатуғын салық	37 094	мың сўм
7.	Физикалық шахслардың мал-мүлкине салынатуғын салық	563 000	мың сўм
8.	Жер салығы	1 330 000	мың сўм
9.	Бирден-бир жер салығы	537 000	мың сўм
10.	Жер асты байлықларынан пайдаланғанлық ушын салық	93 000	мың сўм
11.	Юридикалық шахслардың жер салығы	610 000	мың сўм
12.	Мәмлекетлик бажы пулы	616 000	мың сўм
13.	Жәрийма	455 000	мың сўм
14.	Өзбекстан Республикасы ИИМ Жол ҳәрекети қәўипсизлиги бас басқармасы ҳәм оның аймақлық бөлимлери тәрепинен өндирилетуғын жыйымлар	13 000	мың сўм
15.	Дийхан базарынан түсетуғын түсимлер	97 000	мың сўм
16.	Жергиликлили жыйымлар	219 906	мың сўм
17.	Физикалық шахслардан транспорт қураллары ушын бензин, дизел жанылғысы ҳәм газдан пайдаланғаны ушын салық	1 145 000	мың сўм
	Барлық дәраматлар	**19 079 095**	мың сўм
18.	Республика бюджетинен Қарақалпақстан Республикасы бюджетине берилетуғын дарамат	**2 847 000**	мың сўм
19.	Республика бюджетинен алынатуғын трансфертлер	**47 489 309**	мың сўм
ЖӘМИ		**63 721 404**	мың сўм

Халық депутатлары Шоманай районлық Кеңесиниң 2018 жыл ___-декабрь күнги _____-санлы шешимине 2-қосымша

Шоманай районының 2019-жылға ажыратылған жергиликлили бюджеттиң қәрежетлер бөлеги 63 миллиард 721 миллион 404 мың сўм муғдарында белгиленсин.

Соның ишинде

1.	Экономика қәрежетлери	869 228,0	мың сўм
2.	Сыртқы экономика қәрежетлери	3 316 795,0	мың сўм
3.	Халық билимлендириў бөлимине	32 305 655,0	мың сўм
4.	Мектепке шекемги билимлендириў	6 403 484,0	мың сўм
5.	Мәденият бөлимине	395 000,0	мың сўм
6.	Ден саўлықты сақлаў тараўына	15 031 525,0	мың сўм
7.	Дене-тәрбияға	690 000,0	мың сўм
8.	Мәмлекетлик басқарыў уйымларын сақлаў қарежетлери	2 816 176,0	мың сўм
9.	Пуқаралардың озин-ози басқарыў уйымлары	1 232 480,0	мың сўм
10.	Резерв (заҳира) жамғармасы	632 020,0	мың сўм
11.	Социал тәминат бөлимине	29 041,0	мың сўм
Жәми		63 721 404	мың сўм